

The University of the State of New York

## REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK GOUVÈNMAN  
ETAZINI

Jedi 27 janvye 2011 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

Ekri non ou ak non lekòl ou an lèt enprime sou liy ki anwo yo. Epi ale nan dènye paj nan tiliv sa a, kote w ap jwenn fèy repons pou Pati I an. Plwaye dènye paj la sou liy pwenyè a epi, dousman ak prekosyon, detache fèy repons lan. Answit ranpli antèt fèy repons ou an. Kounye a ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprime nan antèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonsè pou w ekri repons yo.

**Pati I** an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons pou kesyon sa yo nan fèy repons separe a.

**Pati II** a yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

**Pati III** a baze sou plizyè dokiman:

**Pati III A** a genyen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Nan tiliv egzamen an, ekri repons ou pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non ou ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

**Pati III B** a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou dwe siyen deklarasyon ki enprime nan fèy repons Pati I an, pou w endike ou pa t konnen kesyon yo oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, ou pa t ni bay ni pran poul nan repons kesyon yo pandan egzamen an. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

Itilizasyon nenpòt aparèy kominikasyon entèdi fòmèlman pandan w ap fè egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab epi ou p ap jwenn nòt pou li.

PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.

## Pati I

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

*Enstriksyon* (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons separe ou a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa reponn kesyon an.

Sèvi ak tablo ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 ak 2.

#### Klasman Eta ki Chwazi selon Kantite Moun ki nan Popilasyon yo: 1900, 1950, ak 2000

Eta yo (nan òd lèt alfabè yo)	1900 Klasman	1950 Klasman	2000 Klasman
California	21	2	1
Florida	33	20	4
Illinois	3	4	5
Indiana	8	12	14
Iowa	10	22	30
Massachusetts	7	9	13
Missouri	5	11	17
New York	1	1	3
North Carolina	15	10	11
Ohio	4	5	7
Pennsylvania	2	3	6
Texas	6	6	2
Virginia	17	15	12

Sous: U.S. Census Bureau (adapte)

1 Selon klasman yo nan tablo resansman an, eta ki gen plis moun nan popilasyon li nan ane 1900 ak 1950 se te

- |                |                   |
|----------------|-------------------|
| (1) California | (3) Massachusetts |
| (2) Illinois   | (4) New York      |

2 Selon klasman resansman ane 2000 lan, ki de (2) eta ki te gen pi gwo kantite elektè nan eleksyon prezidansyèl ane 2008 la?

- (1) Florida ak California
- (2) Iowa ak Indiana
- (3) Pennsylvania ak Virginia
- (4) California ak Texas

3 Ki vil ki asosye kòrèkteman avèk karakteristik jeyografik ki te afekte kwasans li pi dirèkteman?

- (1) New Orleans — Oseyan Pasifik
- (2) Vil New York — Chesapeake Bay
- (3) Chicago — Gran Lak yo
- (4) Los Angeles — Montay Appalachian

4 Yo konsidere Akò Mayflower kòm yon etap enpòtan nan devlopman demokrasi Ameriken paske li

- (1) te kreye prensip separasyon legliz ak leta
- (2) te pwokire yon baz pou gouvènè tèt pa yo nan Koloni Plymouth
- (3) te defini relasyon avèk Ameriken Endyen Natifnatal lokal yo
- (4) deklare esklavaj ilegal nan Bè Koloni Massachusetts

5 Ki politik ekonomik ki te baze sou lide ki endike koloni Ameriken yo te egziste prensipalman pou ofri benefis ekonomik pou Grannbretay?

- (1) mèkantilis
- (2) sosyalis
- (3) komès lib
- (4) kapitalis lesefè

6 Pou kisa otè Atik Konfederasyon an te kreye yon gouvènman santral ki fèb?

- (1) Yo pa t byen konprann pwoblèm eta yo.
- (2) Yo te prevwa menas envazyon peyi etranje.
- (3) Yo te depannde konsèy gouvènè wayal yo.
- (4) Yo te pè pou jan de gouvènman yo te eksperyanse anba monachi britanik.

- 7 Yo te mete Konpwomi Twa-Senkyèm nan Konstitisyon an pou rezoud yon konfli sou
- (1) kontaj esklav yo anrapò a enpo ak reprezantasyon
  - (2) ranbousman pwopriyete plantasyon pou esklav mawon yo
  - (3) kantite vòt ki nesesè pou apwouve yon trete nan Sena a
  - (4) kantite eta ki nesesè pou ratifye yon amannman ki pwopozè
- 8 Ki yon karakteristik sistèm politik Konstitisyon orijinal Etazini an te kreye?
- (1) garanti menm dwa legal pou tout moun
  - (2) egzije gouvènman federal la pou toujou genyen yon bidjè ekilibre
  - (3) divize pouvwa yo ant gouvènman nasyonal la ak gouvènman eta yo
  - (4) akòde plis pouvwa pou branch egzekitif pase pou lòt branch gouvènman an

Sèvi ak sitasyon ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 9 la.

. . . Se vrè politik pa nou pou evite alyans pèmanan avèk nenpòt pòsyon monn etranje a; jiska prezan, pandan nou an libète kounye a pou fè sa; pou yo pa konprann mwen kòm moun ki kapab ankouraje enfidelite nan angajman ki egziste yo. Mwen gen règ moral [prensip] ki pa mwen aplikab pou afè piblik pase pou afè prive, kidonk onètete se toujou pi bon politik la. Mwen repete li, kidonk, kite yo obsève angajman sa yo nan bon sans yo. Men, dapre mwen, sa pa nesesè epi li pa pridan pou pwolonje yo. . . .

—President George Washington,  
Farewell Address, 1796

- 9 Prezidan Washington t ap ofri konsèy sa a paske li te kwè
- (1) desten Etazini se te pou gouvène lòt peyi yo
  - (2) Etazini te dwe chèche fè alyans avèk lòt nasyon yo
  - (3) alyans yo te ka lakòz Etazini fè lagè
  - (4) Etazini dwe abandone akò li yo avèk peyi Lafrans

- 10 Nan Konvansyon Konstitisyonèl la, delege yo te dakò pou Kongrè a ta gen pouvwa pou
- (1) deklare lwa yo enkonstitisyonèl
  - (2) egzije ak resevwa enpo
  - (3) chwazi prezidan an
  - (4) elimine esklavaj nan eta yo
- 11 Ki aksyon ki se yon egzantp sistèm pouvwa ekilibre?
- (1) Yon moun peye yon enpo eta ak federal sou revni.
  - (2) Eta New York egzije omwen 180 jou lekòl pa ane.
  - (3) Chanm Reprezantan yo vote pou mete youn nan manm li yo deyò.
  - (4) Sena apwouve yon moun prezidan an deziyen nan Lakou Siprèm.
- 12 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?

- |   |
|---|
| <p>I. _____</p> <p>A. Kreyasyon yon bank nasyonal</p> <p>B. Finansman konplè dèt nasyonal la</p> <p>C. Koleksyon yon enpo endirèk sou wiski</p> |
|---|

- (1) Sistèm patronaj
  - (2) Sistèm Ameriken
  - (3) Plan Finansye Hamilton
  - (4) Amannman Konstitisyonèl
- 13 Yon rezon ki fè Prezidan Thomas Jefferson te sipòte Acha Lwizyàn sèke li te vle
- (1) vin gen kontwòl nèt sou Rivyè Mississippi
  - (2) etabli yon baz pou kontwole Antiy yo
  - (3) toujou gen kontwòl sou komès esklav yo
  - (4) achte yon rejyon izin ki la deja
- 14 Doktrin Monroe (1823) te etabli politik etranje Etazini ki te
- (1) bay èd etranje pou peyi ki an devlopman yo
  - (2) kont kreyasyon nouvo koloni nan Amerik Latin
  - (3) mennen dirèkteman a Gè Sivil
  - (4) ankouraje ekspansyon nan Lès Azi

- 15 Nan kòmansman ane 1800 yo, ki faktè ki te pi enpòtan nan devlopman sant izin nò yo?
- (1) anpil kantite enèji idwolik
  - (2) disponiblite mendèv esklav nan Nò
  - (3) devlopman min lò
  - (4) aksè pou pase nan Montay Apalach
- 16 **“Uncle Tom's Cabin Kreye Konfli”**  
**“Kansas Te Tranble nan Konfli Ki te Lakòz San Koule”**  
**“Atak John Brown Mete Sid la Ankòlè”**
- Ki deklarasyon sou Etazini nan ane 1850 yo tit sa yo pi byen sipòte?
- (1) Nasyon an t ap grandi san rete avèk yon divizyon k ap ogmante ofi-amezi sou lavni esklavaj la.
  - (2) Ameriken yo te pèdi konfyans nan plan pou Rekonstriksyon an.
  - (3) Moun ki tap vote nan Nò ak Sid yo te ini pou sipòte souverènète popilè a.
  - (4) Sipò pou mouvman abolisyonis lan te diminye pandan peryòd sa a.
- 17 Lwa Omstèd (1862) ak Lwa Chemennfè Pasifik la (1862) se te efò gouvènman federal la pou
- (1) ofri tè a gwoup minoritè yo
  - (2) rezoud konfli yo avèk Ameriken Natifnatal yo
  - (3) ankouraje moun vin viv nan lwès Rivyè Mississippi
  - (4) sipòte etablisman nan ansyen tè plantasyon yo
- 18 Apre Gè Sivil la, lejislati eta Sid yo te eseye mete restriksyon sou dwa ansyen esklav yo lè yo te
- (1) pase Kòd Nwa yo
  - (2) ratifye 15yèm amannman an
  - (3) sipòte objektif Repibliken Radikal yo
  - (4) pase lejislasyon an pou ranfòse Biwo Moun Lib yo
- 19 Nan fen ane 1800 yo, ki faktè ki te kontribye nan kwasans endistri asye a dirèkteman?
- (1) règleman gouvènman sou endistri a
  - (2) endistri anplwaye yo te posede
  - (3) pwodiksyon nouvo teknik ki te ogmante ranman
  - (4) desizyon tribinal ki te pèmèt negosyasyon kolektif
- 20 Pifò nativis fen ane 1800 yo te pi kapab sipòte
- (1) kreyasyon etablisman kay pou ede nouvo imigran yo
  - (2) pasaj Lwa sou Esklizyon Chinwa
  - (3) kontinyasyon sistèm kontra travay la
  - (4) asimilasyon Ameriken Endyen Natifnatal yo nan kilti prensipal la
- 21 Sipò Federasyon Travayè Ameriken pou sendikalis “pen ak bè” te deziyen pou
- (1) vin gen kontwòl lejislati eta ak lejislati federal
  - (2) chanje sistèm ekonomik lan an sosyalis
  - (3) melanje tout travayè ki espesyalize ak travayè ki pa espesyalize yo an yon gwo òganizasyon
  - (4) amelyore salè, kantite èdtan, ak kondisyon travay yo
- 22 Jounalis fouyapòt te kontribiye nan kòmansman Lagè Espanyòl-Ameriken (1898) lè li
- (1) dekri William McKinley kòm yon prezidan ki te anfavè lagè
  - (2) pwovoke piblik la sou kondisyon yo nan Kiba
  - (3) montre nesosite pou achte koloni ki nan Pasifik la
  - (4) egzije revoke Akò Depite yo
- 23 Yon objektif ki te fikse nan Konvansyon Chit Seneka yo (1848) te reyalize pandan Epòk Pwogresis la lè
- (1) fòmasyon Administrasyon Federal pou Kontwòl Manje ak Medikaman
  - (2) kreyasyon Lig Nasyon
  - (3) adopsyon yon enpo nasyonal sou revni
  - (4) ratifikasyon amannman dwa fanm pou vote

24 Liv tankou *The Octopus*, Frank Norris ekri, *How the Other Half Lives*, Jacob Riis ekri, ak *The Jungle*, Upton Sinclair ekri, te ekspoze pwoblèm ki asosye avèk

- (1) natiralizasyon imigran yo
- (2) ekspansyon alwès
- (3) endistriyalizasyon rapid
- (4) konsèvasyon anviwònman

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 25 lan.

Mwen pral bati yon otomobil pou yon gran kantite moun. Otomobil la ap gwo ase pou fanmi, men l ap piti ase pou moun kondi ak pran swen li. Se pi bon moun ki pral anplwaye kap konstwi otomobil la avèk pi bon materyèl, apre modèl pi senp ke enjenyè modèn kapab imajine. Men lap si tèlman ba pri pa gen pèsòn kap gen yon bon travay pou li pa ka achte youn-epi rejui avèk fanmi li benediksyon tan de plèzi nan gran espas sa yo Bondye ban nou.

—Henry Ford, 1909

25 Ki aksyon ki pi asosye avèk efò Henry Ford pou reyalize vizyon sa a?

- (1) ofri vwati nan plizyè kalite modèl
- (2) kreye yon komès monopòl
- (3) fè konpresyon nan mendèv la
- (4) itilize chenn asanblaj

26 Etazini te eseye evite patisipasyon li nan Premye Gè Mondyal la lè li te swiv yon politik

- (1) netralite
- (2) sekirite kolektif
- (3) bòykòt ekonomik
- (4) preparasyon militè

27 Rezon prensipal ki fè plis Ameriken Nwa te kite Sid riral la pandan ak apre Premye Gè Mondyal la se te

- (1) disponiblite tè arab ki pa t chè nan Lwès
- (2) opòtinite pou travay izin nan Nò
- (3) chans pou evite segregasyon rasyal lè yo antre nan fòs lame
- (4) eliminasyon Ku Klux Klan (Òganizasyon Moun Basis) nan eta nò yo

28 Atansyon nasyonal te atire nan pwosè 1925 Scopes paske pwosè a

- (1) te reprezante yon konfli ant syans ak relijyon
- (2) ranvèse yon premye desizyon Lakou Siprèm sou libète lapawòl
- (3) te fè respekte dwa veteran yo pou pwoteste nan Washington, D. C.
- (4) montre limit prejije kont imigran yo

29 Ki otè Ameriken ki te fè pati nan Renesans Harlem ane 1920 yo?

- (1) F. Scott Fitzgerald
- (2) Ernest Hemingway
- (3) Langston Hughes
- (4) John Steinbeck

30 Gwo ekonomik ane 1920 yo te gen siksè an pati lè

- (1) asistans gouvènmantral yo te peye kiltivatè yo
- (2) rediksyon tarif sou machandiz ewopeyen yo
- (3) ogmantasyon investisman nan mache bousye a
- (4) konstriksyon Otorite Vale Tennessee (TVA) te reyalize

31 Ki sa ki te yon kòz prensipal Lagrann Depresyon?

- (1) twòp pwodiksyon ak mwens konsomasyon
- (2) yon diminisyon nan pwovizyon machandiz konsomasyon yo
- (3) yon ogmantasyon nan demann pou pwodui enpòte yo
- (4) yon ogmantasyon nan pri ble sou mache mondyal la

32 Nouvo Kontra a te chanje panse politik Ameriken an paske li te baze sou prensip ki endike

- (1) ekonomi an ap fikse poukont li si yo kite li an repo
- (2) gouvènman federal la dwe fè efò pou rezoud pwoblèm sosyal ak ekonomik
- (3) pati politik yo fèt pou travay ansanm pou fè fas avèk pwoblèm nasyonal yo
- (4) eta yo dwe pran yon pozisyon chèf yo pou rezoud pwoblèm sosyal yo

33 Pandan Dezyèm Gè Mondyal la, nesosite Etazini pou plis materyèl lagè te lakòz

- (1) fasilite kontwòl gouvènman an sou ekonomi an
- (2) sendika travayè yo te fè grèv ki dire anpil tan
- (3) rasyonman kèk machandiz konsomasyon
- (4) rediksyon nan pwofi yo pou endistri defans yo



- 34 A. Japon atake Pearl Harbor.  
 B. Almay anvayi Lapolòy.  
 C. MacArthur dikte yon konstitisyon demokratik bay Japon.  
 D. Alye yo anvayi Ewòp nan D-Day.

Ki sekans evènman sa yo ki asosye avèk Dezyèm Gè Mondyal la ki nan lòd kwonolojik kòrèk la?

- (1)  $D \rightarrow B \rightarrow A \rightarrow C$       (3)  $C \rightarrow A \rightarrow B \rightarrow D$   
 (2)  $B \rightarrow A \rightarrow D \rightarrow C$       (4)  $A \rightarrow B \rightarrow C \rightarrow D$

- 35 Pwosè Nuremberg yo ki te fèt nan fen Dezyèm Gè Mondyal la te ajoute nan lwa entènasyonal lè yo  
 (1) te rezoud konfli fwontyè nan Ewòp pa abitraj  
 (2) mete responsablite pou Dezyèm Gè Mondyal la sou anpil nasyon  
 (3) pase lòd ke konsiderasyon moral ak etik pa aplike nan tan lagè  
 (4) etabli ke ofisye ak moun ki gen gwo grad yo responsab pou aksyon yo fè nan tan lagè

- 36 Objektif prensipal pou kreyasyon Nasyonzini se te pou  
 (1) antreteni yon fòs lame entènasyonal  
 (2) itilize akò entènasyonal yo pou ankouraje lapè  
 (3) libere peyi Ewòp-de-Lès yo nan kominis  
 (4) bay manje pou tout peyi ki manm yo

- 37 Rezon prensipal ki fè Etazini te vin patisipe nan Lagè Koreyen an se te  
 (1) menas pou kominis kap gaye toupatou nan Azi  
 (2) nesosite pou anpeche lagè ant Lachin ak Inyon Sovyetik  
 (3) demand Etazini te fè pou jwenn resous natirèl koreyen  
 (4) dezi pou limite ekspansyon japonè

- 38 Pandan ane 1950 yo, bi prensipal mouvman pou dwa sivil yo se te pou  
 (1) kreye enstitisyon ekonomik ak sosyal pou Ameriken Nwa yo  
 (2) elimine segregasyon legal nan lavi Ameriken yo  
 (3) kreye pwogram pou moun ki an minorite yo ka konpanse pou enjistis yo te sibi  
 (4) fòme yon nouvo nasyon pou Ameriken Nwa yo

- 39 Ki evènman ki te yon rezilta akòz de twa (3) lòt evènman yo?  
 (1) chita nan kontwa kote moun blan manje sèlman nan Greensboro, North Carolina  
 (2) Mach Martin Luther King Jr. nan Washington, D. C.  
 (3) siyen Lwa 1964 sou Dwa Sivil yo  
 (4) bòykòt otobis nan Montgomery, Alabama

- 40 . . . Lagè kont povrete pap pote laviktwa isit nan Washington. Yo fèt pou gen laviktwa nan chan yo, nan tout kay prive, nan tout biwo piblik, depi palè-jistis pou rive nan Mezon-Blanch. . . .

— President Lyndon B. Johnson,  
 State of the Union Address, January 8, 1964

Deklarasyon sa a eksprime pwendvi Prezidan Lyndon B. Johnson ki endike

- (1) se sèlman gouvènman federal la ki responsab pou lagè kont povrete  
 (2) sistèm jistis la fèt pou pran responsablite pou povrete  
 (3) pwoblèm povrete a rezoud fasil  
 (4) tout peyi a fèt pou ede batay kont povrete

Sèvi ak ekstrè ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 41 an.

Chè Mesye Barr,

. . . Lèt sa a pa eksprime tout sa ki nan kè mwen, Mesye Barr. Men si li pa di okenn lòt bagay, li di konsa nou pa rayi ou ni nou pa kontan wè endistri ou a detwi; nou rayi sistèm agwo-indistri [sosyete agrikòl] k ap chèche fè nou toujou rete nan esklavaj, epitou nou dwe venkè ak chanje li san nou pa fè vanjans oswa san nou pa fè san koule, men nan yon batay detèmine mas travayè agrikòl yo fè manifestasyon san vyolans, paske yo vle vin lib ak viv tankou moun.


Mwen voye gwo salitasyon pou ou, Cesar E. Chavez  
 — Cesar Chavez, letter to E.L. Barr Jr.,  
 Good Friday, 1969, in Andrew Carroll, ed.,  
*Letters of a Nation*, Broadway Books

- 41 Ki mezi Cesar Chavez te pran ki te pi konsistan avèk tèm ekstrè sa a?  
 (1) òganize yon sendika travayè agrikòl yo  
 (2) egzije aplikasyon lalwa sou imigrasyon yo ranfòse  
 (3) mande Kongrè a pou adopte lejislasyon pou lojman pou moun ki pa touche ase revni yo  
 (4) ankouraje travayè agrikòl yo pou yo achte gwo sosyete komèsyal yo

42 Yon fason desizyon Lakou Siprèm te pran yo nan pwosè *Mapp* kont *Ohio* (1961), pwosè *Gideon* kont *Wainwright* (1963), ak pwosè *Miranda* kont *Arizona* (1966) yo sanble sèke chak desizyon

- (1) te defini dwa elèv ki nan lekòl leta yo
- (2) te ranfòse wòl lapolis nan pwosè arestasyon
- (3) te demontre mekontantman Tribinal la pou ogmantasyon to krim
- (4) te ogmante dwa konstitisyonèl moun yo akize pou krim yo

Sèvi ak komik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 43 a.



Sous: Irving L. Gordon, *American Studies*, Amsco School Publications, 1979

43 Ki deklarasyon ki eksprime lide prensipal komik sa a avèk plis presizyon?

- (1) Ogmantasyon depans pou tè agrikòl yo redui pwofi yo.
- (2) Konpetisyon etranje lakòz ogmantasyon depans pou tè agrikòl yo.
- (3) Pwodiksyon agrikòl la ap bese pou ale nan menm ritm avèk demann lan.
- (4) Kiltivatè yo pèdi pwofi akòz sechrès.

Sèvi ak komik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 44 la.



Sous: Marshall Ramsey, *Clarion Ledger*, June 30, 2004 (adapte)

44 Ki deklarasyon ki pi byen dekri lide prensipal komik la?

- (1) Irak ap itilize teworis pou mete yon pwen final nan okipasyon militè Ameriken.
- (2) Irak rejte èd Etazini kont teworis yo.
- (3) Etazini ak teworis yo ap fè konpetisyon pou gen enfluyans sou Irak.
- (4) Irak prèske jwenn Etazini nan lagè kont laterè.

45 Depi ane 1970, ki sa ki te yon tandans ekonomik enpòtan Ozetazini?

- (1) diminye nan kantite manman ki t ap travay nan mendèv la
- (2) chanjman nan travay izin yo pou vin sèvi endistri
- (3) diminisyon nan depandans sou petwòl etranje
- (4) ogmantasyon nan sipli bidjè federal

46 Akò Echanj Lib Amerik-di-Nò (NAFTA) ak Inyon Ewopeyen (EU) toulede ap chèche pou ogmante komès nan òganizasyon yo lè yo

- (1) entèdi enpòtasyon machandiz ki sòti nan peyi ki pa manm yo
- (2) kreye yon lajan ki an sikilasyon ak yon palman an komen
- (3) diminye tarif, ak elimine kantite enpòtasyon ant nasyon manm yo
- (4) fòme alyans militè

47 **“Kongrè a Adopte Lwa sou Etranje ak Sedisyon”**  
**“Lincoln Sispann Habeas Corpus”**  
**“Wilson Siyen Lwa Sedisyon 1918”**

Tit sa yo montre gouvènman federal la kapab

- (1) mete restriksyon sou dwa sitwayen yo lè gen pwoblèm
- (2) ogmante fòs lame yo san enfòmè piblik la
- (3) mete twoup nan kay yon moun nenpòt kilè
- (4) egzije sitwayen yo pou yo temwen kont tèt yo

48 Lwa sou Komès ant Eta (1887), Lwa Sherman kont Monopòl (1890), ak Lwa Clayton kont Monopòl (1914) sanble paske sa yo te deziyen pou

- (1) konfime atitud lesefè gouvènman federal pou gwo komès
- (2) ogmante pouvwa gouvènman federal pou kontwole pratik komès
- (3) otorize separasyon sendika yo
- (4) rejte itilizasyon anti-monopòl

49 **“Administrasyon Èd Leta Te Pran nan Konfli Kredi Mobilye”**  
**“Sekretè Enteryè Harding Te Arete Pou Ankèt sou Eskandal Teapot Dome”**  
**“Eskandal Iran-Contra Lakòz Demisyon Konseye Reagan”**

Ki konklizyon ki ka fèt nan tit sa yo?

- (1) Prezidan Ameriken yo pat anba lwa nasyon an.
- (2) Yo te itilize pwosè Sena a pou retire prezidan kowonpi yo.
- (3) Yo te mennen ankèt sou prezidan demokrat yo sèlman pou move zak.
- (4) Kèk prezidan te viktim domaj politik akòz aksyon asistan yo.

Sèvi ak amannman konstitisyonèl ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 50 lan.

**Amannman XXV**

**Seksyon 1.** Anka yo revoke prezidan an oubyen li mouri oswa li bay demisyon li, se Vis-Prezidan ki dwe vin Prezidan.

**Seksyon 2.** Kèlkeswa lè plas Vis-Prezidan an vid, Prezidan an fèt pou nomine yon Vis-Prezidan ki dwe pran ofis prezidansyèl imedyatman aprè konfimasyon toulède Chanm Kongrè a nan yon vòt majoritè.

50 Amannman sa a nan Konstitisyon an te fè li posib pou

- (1) moun yo eli Franklin D. Roosevelt pou yon katriyèm tèm kòm prezidan nan ane 1944
- (2) Gerald Ford pou vin prezidan lè Richard Nixon te kite ofis prezidansyèl la nan ane 1974
- (3) Chanm Reprezantan yo pou mete Prezidan Bill Clinton annakizasyon nan ane 1998
- (4) Lakou Siprèm pou pran desizyon pou konte vòt yo nan eta Florid nan eleksyon prezidansyèl ane 2000 lan



## Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.

### Pati II

#### KESYON REDAKSYON TEMATIK

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki endike sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

#### Tèm: Divèsite (Dwa Konstitisyonèl)

Nan tout istwa Etazini, desizyon Lakou Siprèm te pran yo te abòde pwoblèm dwa konstitisyonèl plizyè gwoup. Desizyon sa yo te limite oswa ogmante dwa manm gwoup sa yo.

#### Sa pou fè:

Idantifye **de (2)** pwosè Lakou Siprèm ki asosye ak dwa gwoup espesifik, epi pou **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki antoure pwosè a
- Eksplike desizyon Lakou Siprèm nan pwosè a
- Diskite sou fason desizyon Lakou Siprèm te limite **oswa** te ogmante dwa konstitisyonèl manm gwoup sa a

Ou kapab itilize nenpòt pwosè Lakou Siprèm ki nan etid istwa Etazini ou kote Lakou Siprèm te abòde pwoblèm dwa konstitisyonèl plizyè gwoup yo. Men kèk sijesyon ou ta ka vle konsidere: *Worcester v. Georgia* (1832), *Dred Scott v. Sanford* (1857), *Plessy v. Ferguson* (1896), *Korematsu v. Etazini* (1944), *Brown v. Board of Education of Topeka* (1954), *Heart of Atlanta Motel v. Etazini* (1964), ak *Roe v. Wade* (1973).

#### Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

#### Gid:

##### Nan redaksyon ou asire ou:

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Nan devlopman repons ou pou Pati II a, sonje pou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li”
- (b) **eksplike** vle di “pou fè yon bagay vin senp ak fason pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon”
- (c) **diskite vle di** “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi avèk reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, sonje pou panse ak definisyon jeneral sa yo:

diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi avèk reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

### Pati III

#### KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste abiltè w pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.

#### Kontèks Istorik:

Pandan Lagè Fwad la, evènman mondyal yo ak chanjman atitud yo te enfluyanse fason prezidan Etazini yo te fè fas avèk Inyon Sovyetik. Prezidan **John F. Kennedy**, **Richard Nixon**, ak **Ronald Reagan**, yo chak te itilize plizyè apwòch politik etranje avèk Inyon Sovyetik.

**Sa pou fè:** Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak sa w konnen nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B a, kote y ap mande ou pou

- Diskite sou fason Etazini te fè fas avèk Inyon Sovyetik lè John F. Kennedy, Richard Nixon, ak Ronald Reagan te prezidan

## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

*Enstriksyon:* Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1

. . . Kit yon nasyon swete byen pou nou, kit li swete mal pou nou, fè li konnen nou dwe peye nenpòt pri, pote nenpòt fado, jwenn nenpòt difikilte, sipòte nenpòt zanmi, opoze nenpòt lennmi pou asire lavi nou ak siksè libète. . . .

Finalman, pou nasyon ki vle fè tèt yo kòm advèsè nou [rival], nou pa fè yo yon pwomès, men pito yon demann: pou toulède pati yo kòmanse chèche lapè ankò, anvan pouvwa fènwa destriksyon lasyans deklannche pou anglouti tout limanite ki te planifye oubyen destriksyon tèt pa yo pa aksidan.

Nou pa oze nou pou nou tante yo avèk feblès. Se sèlman lè bra nou san dout sifi, nou kapab sèten san dout ke yo p ap janm itilize bra nou yo.

Men, okenn nan de (2) gwo gwoup nasyon puisan yo pa kapab jwenn rekonfò nan chemen nou kounye a—toulède pati yo gen gwo fado nan afè depanse pou zam modèn, toulède gen rezon pou yo gen laperèz akòz de atòm danjere kap gaye konstaman, epoutan toulède ap prese pou chanje ekilib latèrè ki pa sèten sa a ki rete garanti lagè final limanite.

Kidonk an nou rekòmanse de nouvo—sonje nan toulède pati yo, sivilite pa yon siy feblès, epitou senserite toujou kapab bezwen prèv. An nou pa janm negosye avèk laperèz. Men an nou pa janm pè negosye.

Kite toulède pati yo egzamine ki pwoblèm ki ini nou olye nou ensiste sou pwoblèm ki lakòz divizyon pami nou. . . .


Sous: President John F. Kennedy, Inaugural Address, January 20, 1961

- 1 Selon Prezidan John F. Kennedy, ki **yon** aksyon Etazini dwe pran pou fè fas avèk ènmi li yo nan Lagè Fwad la? [1]

Score

## Dokiman 2

### Kriz Misil Kiben



Sous: "Flag Plot Cuban Missile Crisis," October 28, 1962, U.S. Naval Historical Center, National Security Archive, George Washington University (adapte)

2 Selon kat jeyografik sa a, endike **yon** aksyon Prezidan John F. Kennedy te òdone pandan kriz misil kiben an. [1]

Score

### Dokiman 3a

#### Prezidan John F. Kennedy ak Chèf Gouvènman Sovyetik Nikita Khrushchev



Sous: Herblock, *Washington Post*, November 1, 1962  
(adapte)

### Dokiman 3b

. . . Mwen pale osijè lapè akòz nouvo vizaj lagè a. Lagè total pa fè sans lè gran puisans yo kapab konsève gwo fòs nikleyè ki ase entouchab, ak lè yo refize lage sa san yo pa itilize fòs sa yo. Li pa fè sans nan yon epòk lè yon sèl zam nikleyè genyen prèske dis (10) fwa fòs eksplozif avyon militè alye yo te itilize nan Dezyèm Gè Mondyal la. Li pa fè sans nan yon epòk lè van ak dlo ak sòl ak grenn semans ta ka charye pwazon danjere ke yon echanj nikleyè pwodui pou mennen li nan tout kwen toupatou nan lemond ak rive sou jenerasyon ki poko menm fèt yo. . . .

An rezime, Etazini ak alye li yo, epi Inyon Sovyetik ak alye li yo, gen yon gwo enterè an komen nan bon jan lapè ak senserite ak nan mete yon pwen final nan konpetisyon zam yo. Akò yo ki fèt pou sa nan enterè Inyon Sovyetik ak nan enterè nou tou—epitou nou kapab konte sou menm nasyon ki pi opoze yo pou aksepte ak respekte obligasyon sa yo ki nan trete a, epi sèl obligasyon sa yo ki nan trete a, ki nan pwòp enterè yo. . . .

Sous: President John F. Kennedy, Commencement Address at American University, Washington, D.C., June 10, 1963

3 Selon dokiman sa yo, ki **de** (2) rezon Etazini ak Inyon Sovyetik te bezwen pou abòde pwoblèm lagè nikleyè? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score



## Dokiman 4

... Ou gen pou bay toulede [Prezidan Richard] Nixon ak [Konseye pou Sekirite Nasyonal Henry] Kissinger kredi—Nixon paske li se prezidan. Li te klè ke nou te sipoze mache sou Lachin. Mwen panse li te konprann tou akòz konesans li genyen nan anti-kominis li an, li ta pi fasil pou li olye, an nou di, pou [Senatè] Hubert Humphrey. Sa ki pi enpòtan ankò, li te konnen Lachin tap vini yon peyi enpòtan; apwòch nou pou Lachin tap bay Inyon Sovyetik yon ankourajman pou gen pi bon relasyon avèk nou, nan sa yo ta ka vin enpe enkyete akòz de relasyon nou avèk Chinwa yo. Kidonk, nan kèk mwa apre anons vwayaj sekre Kissinger, nou te gen yon akò nan yon somè avèk Sovyetik yo, avèk yon rezilta SALT [Chita Tande pou Estrateji sou Limitasyon Zam], ak sou negosyasyon yo sou Bèlen. Kissinger te vin fè menm konklizyon yo poukont li pou menm rezon yo. . . .

Sous: Winston Lord in Gerald S. and Deborah H. Strober, *Nixon: An Oral History of His Presidency*, HarperCollins, 1994

4 Selon Winston Lord, ki **de (2)** fason nouvo politik Etazini anvè Lachine te amelyore relasyon Etazini avèk Inyon Sovyetik? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 5

. . . Anpil moun ki te gade semèn nan kap dewoule nan Moskou te konkli somè sa a—li pi enpòtan depi Potsdam nan ane 1945 epi pètèt se evènman politik sovyetik ki te pi enpòtan depi lanmò Stalin—te ka chanje diplomasi a nan lemonn. Li te pi enpresyonan paske li pat sanble non sèlman yon evènman anpatikilye ak ekstrawòdinè [okazyon enpòtan] men yon pati nan yon pwose, yon pati nan yon mond kap ale vè lavan. . . .

Reyinyon an te souliye [ensiste sou] kanpay pou detant ki baze sou enterè pèsonèl—espesyalman enterè pèsonèl ekonomik bòkote Sovyetik yo, ki vle echanj komèsyal ak teknoloji ki soti nan Lwès la. Okenn nan akò yo pa garanti pou yo pa anile, epi kèk ladan yo ap mennen sèlman nan fiti negosyasyon. Men paske akò yo te konsène tèlman anpil domèn ki sijere estrateji Nixon: li te vle fè tout chèf deta sovyetik yo patisipe nan tout bagay—echanj komèsyal, sante, syans—nan fason sa ta ka fè li difisil pita pou ranvèse tandans ki fikse nan somè a. . . .

Sous: "What Nixon Brings Home from Moscow," *Time*, June 5, 1972

5 Selon dokiman sa a, pou kisa somè Moskou a te enpòtan pou relasyon Etazini-Inyon Sovyetik? [1]

---

---

Score

## Dokiman 6

. . . Konsènan relasyon nou yo avèk Sovyetik yo, nou dwe kontinye. Nou dwe kontinye negosye, nou rekonèt ke yo pa renmen sistèm nou an ni yo pa dakò avèk li, epi mwen pa renmen sistèm yo a ni mwen pa dakò avèk li. Mesye Brezhnev [chèf deta sovyetik Leonid Brezhnev] konnen sa epi mwen konnen sa tou, epitou nou te diskite sou sa enpe agresif epi dirèkteman.

Men, li enpòtan pou toulède nasyon yo, grand puisans ke nou ye, pou nou kontinye fè pwogrè pou limite zam yo, pou evite konfli ki ta ka lakòz lagè, jan sa te ka fèt nan Mwayennoryan an si nou pa t gen peryòd negosyasyon sa a, epitou pou nou kontinye negosyasyon sa yo pou rediksyon twoup yo nan Ewòp ak rediksyon zam yo, oswa sètènman pou limitasyon zam yo, ak pou plizyè lòt inisyativ n ap fè avèk Sovyetik yo.

An rezime, men sa nou dwe konsidere: Èske nou vle retounen nan yon peryòd lè Etazini ak Inyon Sovyetik, de (2) grand puisans, te an konfli youn kont lòt epi mete andanje yon konpetisyon zam nikleyè san kontwòl, epi ak kriz nan Bèlen, nan Mwayennoryan, menm nan Sidès Azi ankò oswa nan lòt kote nan lemond, oswa èske nou vle kontinye nan yon chemen kote nou rekonèt diferans nou yo men kote nou eseye rekonèt tou reyalite ki endike nou fèt pou swa viv ansanm oswa nou tout ap mouri ansanm? . . .

Sous: President Richard Nixon, Press Conference, February 25, 1974

- 6 Selon Prezidan Richard Nixon, ki **yon** rezon ki fè Etazini dwe kontinye negosyasyon li yo avèk Inyon Sovyetik? [1]

---

---

Score

## Dokiman 7

. . . Ronald Reagan te pran palè a [prezidansyèl] kòm chèf egzekitif Ameriken ki te pi kont Sovyetik ak tout fòs li depi epòk Harry Truman, ki te alatèt kòmansman Lagè Fwad la. Administrasyon Reagan nan te pran angajman pou fè plis konpetisyon avèk Inyon Sovyetik nan domèn kote konpetisyon an te pi sere. Li te reyalize akimilasyon fòs lame ki te koute pi chè nan tan lapè nan istwa Ameriken an epitou li te kòmanse Inisyativ Defans Estratejik, ki te kreye pou retire lemond nan blokaj nikleyè kote sosyete chak pati te an otaj akòz de zam yo te posede. Men ane Reagan yo te montre limit toulède politik yo. Yo te fè li klè pou endike Etazini, menm jan ak Inyon Sovyetik, ap oblije satisfè avèk ekilib militè nan konpetisyon gran puisans lan. . . .

Sous: Bialer and Mandelbaum, *The Global Rivals*, Alfred A. Knopf, 1988

- 7 Selon Bialer ak Mandelbaum, ki **yon** aksyon administrasyon Reagan te pran ki te montre politik etranje anti-sovyetik? [1]


Score

## Dokiman 8

. . . Epi kounye a Sovyetik yo menm kapab, nan yon fason ki limite, vin konprann enpòtans libète. Nou tandè yo di anpil bagay de Moskou sou yon nouvo politik refòm ak transparans. Yo te libere kèk prizonnye politik. Yo pa dekontrarye sèten emisyon nouvèl etranje ankò. Kèk antrepriz ekonomik te jwenn pèmasyon pou opere avèk pi plis libète sou kontwòl leta. Èske bagay sa yo se kòmansman gwo chanjman nan eta sovyetik la? Oswa èske se deseri de jès yap fè, pou yo kapab bay moun nan lwès yo plis espwa pou granmesi, oswa pou ranfòse sistèm sovyetik la san chanje li? Nou akeyi chanjman ak transparans; paske nou kwè libète ak sekirite mache ansanm, pwogrè libète imen kapab sèlman ranfòse kòz lapè nan lemond.

Genyen yon siy Sovyetik ka fè ki pa ka yon erè, yo ta ka vanse kòz libète ak lapè nètale. Sekretè Jeneral Gorbachev, si w ap chèche lapè, si w ap chèche pwosperite pou Inyon Sovyetik ak Ewòp-de-Lès, si w ap chèche liberalizasyon, vini antre nan baryè sa a! Mesye Gorbachev, ouvè baryè a! Mesye Gorbachev, kraze miray sa a! . . .

Sous: President Ronald Reagan,  
speech at the Brandenburg Gate,  
June 12, 1987



**Prezidan Ronald Reagan ap pale la a sou bò Pòt Brandenburg nan Lwès Bèlen, 12 jen, 1987.**

Sous: German Missions in the United States  
(adapte)

8a Selon Prezidan Ronald Reagan, ki **yon** aksyon Inyon Sovyetik te pran ki endike lapè refòm politik li yo? [1]

Score

b Selon Prezidan Ronald Reagan, ki **yon** aksyon Sekretè Jeneral Mikhail Gorbachev te dwe pran pou fè vanse kòz libète ak lapè? [1]

Score



## Dokiman 9

Se ansyen chèf deta sovyetik Mikhail Gorbachev ki te ekri atik sa a apre lanmò ansyen Prezidan Ronald Reagan nan dat 5 jen 2004.

. . . Premye tèm Ronald Reagan kòm prezidan te deziyen pou fè Etazini gen konfyans nan tèt li ankò. Li te adrese tradisyon ak optimis pèp la, rèv Ameriken an, epitou li te gade kòm travay ki pi enpòtan pou li fè se ranfòse ekonomi an ak puisans militè Etazini. Sa te akonpanye avèk diskou agresif anvè Inyon Sovyetik—epi plis pase yon diskou—sa te vini avèk kèk aksyon yo te pran ki te lakòz enkyetid nan peyi nou ak pami anpil pèp toupatou nan lemond. Li sanble sa ki te pi enpòtan pou Reagan se te anti-kominis li ak repitasyon li kòm yon nòm vijilan ki te konsidere Inyon Sovyetik kòm yon “lanpi mechan.”

Epoutan, dezyèm tèm li kòm prezidan te konsantre sou yon diferan seri objektif. Mwen panse li te konprann, anvan tout bagay, se moun ki ankouraje lapè ki merite yon plas nan listwa. Sa te konsistan avèk konviksyon li yo dapre eksperyans li, konesans ak lanmou pou lavi. Nan sa, li te jwenn sipò Nancy—ki se madanm ak zanmi li, mwen sèten, wòl li ap trè byen apresye. . . .

Nan rezilta final la, ensistans nou sou dyalòg te pwouve sa te byen jistifye. Nan yon seremoni ki te fèt nan Mezon-Blanch nan ane 1987, nou te siyen trete fòs nikleyè a nan nivo entèmedyè, trete sa a te lanse yon pwose nan vrè rediksyon zam yo. Epitou, menmsi nou te wè chemen pou gen yon mond san zam nikleyè yon fason ki diferan, vrè reyalite pou fikse objektif sa a nan ane 1986 nan Reykjavik [Island] te ede kanpe konpetisyon zam yo. . . .

Sous: Mikhail Gorbachev, “A President Who Listened,” *New York Times*, June 7, 2004

9 Selon Mikhail Gorbachev, kijan atitud Prezidan Ronald Reagan anvè Inyon Sovyetik te chanje pandan dezyèm tèm li a? [1]

Score

## Pati B

### Redaksyon

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prè v ki sòti nan *omwen senk* dokiman nan devlopman redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanzp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

#### Kontèks Istorik:

Pandan Lagè Fwad la, evènman mondyal yo ak chanjman atitud yo te enfliyanse fason prezidan Etazini yo te fè fas avèk Inyon Sovyetik. Prezidan **John F. Kennedy**, **Richard Nixon**, ak **Ronald Reagan**, yo chak te itilize plizyè apwòch politik etranje avèk Inyon Sovyetik.

**Sa pou fè:** Itilize enfòmasyon ki soti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote y ap mande w pou

- Diskite sou fason Etazini te fè fas avèk Inyon Sovyetik lè John F. Kennedy, Richard Nixon, ak Ronald Reagan te prezidan

#### Gid:

##### Nan redaksyon ou asire ou:

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete ladan l enfòmasyon ki sòti nan *omwen senk* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon ki soti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanzp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan





The University of the State of New York

Pati I

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK GOUVÈNMAN  
ETAZINI

Jedi 27 janvyè 2011 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

FÈY REPONS

Gason

Fi

Elèv ..... Sèks: .....

Pwofesè .....

Lekòl .....

Ekri repons ou yo pou Pati I an nan fèy repons sa a, ekri repons ou yo pou Pati III Seksyon A nan tiliv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Pati II ak III Seksyon B nan tiliv redaksyon separe a.

POU PWOFESE ITILIZE SÈLMAN

Part I Score \_\_\_\_\_

Part III A Score \_\_\_\_\_

Total Part I and III A Score

Part II Essay Score \_\_\_\_\_

Part III B Essay Score \_\_\_\_\_

Total Essay Score

Final Score  
(obtained from conversion chart)

- 1..... 26.....
- 2..... 27.....
- 3..... 28.....
- 4..... 29.....
- 5..... 30.....
- 6..... 31.....
- 7..... 32.....
- 8..... 33.....
- 9..... 34.....
- 10..... 35.....
- 11..... 36.....
- 12..... 37.....
- 13..... 38.....
- 14..... 39.....
- 15..... 40.....
- 16..... 41.....
- 17..... 42.....
- 18..... 43.....
- 19..... 44.....
- 20..... 45.....
- 21..... 46.....
- 22..... 47.....
- 23..... 48.....
- 24..... 49.....
- 25..... 50.....

No. Right

Ou dwe siyen deklarasyon ki anba a lè w fin pran egzamen an.

Mwen fin pran egzamen an. Mwen deklare mwen pa t genyen repons yo ak kesyon yo ilegalman alavans. Mwen pa t bay poul, mwen pa t pran poul pandan egzamen an.

Siyati

Detache La a

Detache La a



